



# THE NEW YORK CITY DEPARTMENT OF EDUCATION

JOEL I. KLEIN, *Chancellor*

OFFICE OF THE CHANCELLOR  
52 Chambers Street - New York, NY 10007

## REVIZE LE 16 OKTÒB 2007

POU: *Senior Leadership Team*, Òganizasyon k ap sipòte lekòl yo, *Superintendents* kominotè yo, *Superintendent* Distri 75 lan, *Superintendent* lekòl ak pwogram altènatif yo, Direktè egzekitif Sant sèvis entegre *Integrated Service Center* (ISC), Direktè lekòl yo, Prezidan Komite konsiltatif Chanselye pou paran *Chancellor's Parent Advisory Committee* (CPAC), Prezidan Federasyon pwofesè reyini an *Unified Federation of Teachers* (UFT), Prezidan Konsèy Sipèvizè ak Administratè a *Council of Supervisors & Administrators* (CSA)

SOTI NAN BIWO: Kathleen Grimm  
Chanselye adjwen pou Finans ak Administrasyon

SIJÈ: Semèn ouvèti lekòl ak reyinyon paran-pwofesè pou ane 2007/08

DAT: 6 out 2007

### 1. SEMÈN OUVÈTI LEKÒL

N ap fete semèn ouvèti lekòl le 11 novanm rive 17 novanm. Tèm pou ane 2007/08 la se "Bonjan lekòl piblik : yon dwa fondamantal ak responsablite nou *Great Public Schools: A Basic Right and our Responsibility.*" Se moman pou nou ranfòse rapò ant paran ak lekòl yo k ap abouti sou yon relasyon dinamik ki nesese pou asire siksè chak elèv nan domèn edikasyon. Lekòl yo dwe ofri pwogram ak konferans enteresan, epi mete tou adispozisyon timoun ak paran yo materyèl ak ekspozisyon pou ankouraje yo vizite nan tout nivo. Tout estaf lekòl yo dwe mete tèt yo ansanm seryezman pou ankouraje patisipasyon paran nan tout aktivite ki gen rapò ak lekòl, epi pou fè lekòl yo tounen yon anviwònman akeyan pou tout paran. Estaf la ap travay ak defansè dwa pou fanmi yo ansanm ak direktè minisipalite yo k ap travay nan Biwo pou angajman ak defans dwa fanmi *Office of Family Engagement and Advocacy* (OFEA) pou etabli pwosedi pou paran yo vizite salklas yo, epi mete pwosedi sa yo nan anons y ap voye lakay elèv yo. Yo dwe tradui tout anons yo nan lang natifnatal paran yo pou asire yon pi gran kantite ladan yo patisipe nan lekòl yo.

Nan revizyon an nou mete yon remak sou anons tou tradui yo pou paran yo nan premye ranvwa ki anba paj 2 a ak sou kanè tradui yo nan "Rapò sou reyinyon paran-pwofesè pou 2007/08 la" (nan dènye paj la).

### 2. REYINYON PWOFESÈ-PARAN

W ap jwenn orè reyinyon paran-pwofesè yo pou ane lekòl 2007/08 la nan korepondans sa a. Nou pa p pèmèt yo planifye lòt demi jounen pou reyinyon paran-pwofesè yo pou garanti yo itilize omaksimòm tan ki disponib pou anseye.

Yo pa dwe itilize reyinyon paran-pwofesè yo nou site nan korepondans sa a pou limite kantite lòt kalite reyinyon paran-pwofesè. Pandan tout ane lekòl la, yo dwe ankouraje bonjan abitud fè, anplis reyinyon paran-pwofesè ki nan lis sa a, reyinyon pou diskite nòt, klas, oryantasyon ak reyinyon endividyèl, tankou reyinyon ant paran ak pèsonek lekòl la sou plan edikasyon endividyèl *Individual Education Program* (IEP) pou elèv Edikasyon espesyal.

Lekòl yo pa dwe chanje dat vil la bay pou reyinyon apremidi ki nan *memorandum* sa a pou yo pa vin kwaze lòt pwogram pwomnad oswa lòt sèvis transpò e pou pa gen kontretan nan kaldandriye a. Si gen paran anpatikilye ki gen pwoblèm konsènan dat yo oswa lè yo, yo dwe ankouraje yo antann yo pou fikse yon reyinyon paran-pwofesè, yon lè ki bon pou yo.

### 3. DAT REYINYON PARAN-PWOFESÈ POU LEKÒL 2007/08

ASWÈ\*

APREMIDI

#### LEKÒL PRIMÈ, OTÒN 2007

\*Mèkredi, 14 novanm 2007 – Aswè

Madi, 13 novanm 2007 – Apremidi

#### LEKÒL PRIMÈ, PRENTAN 2008

\*Mèkredi, 12 mas 2008 – Aswè

Jedi, 13 mas 2008 – Apremidi

#### LEKÒL PRESEGONDÈ, OTÒN 2007

\*Lendi, 19 novanm 2007 – Aswè

Madi, 20 novanm 2007 – Apremidi

#### LEKÒL PRESEGONDÈ, PRENTAN 2008

\*Mèkredi, 27 fevriye 2008 – Aswè

Jedi, 28 fevriye 2008 – Apremidi

#### LEKÒL SEGONDÈ, OTÒN 2007

\*Jedi, 25 oktòb 2007 – Aswè

Vandredi, 26 oktòb 2007 – Apremidi

#### LEKÒL SEGONDÈ, PRENTAN 2008

\*Jedi, 3 avril 2008 – Aswè

Vandredi, 4 avril 2008 – Apremidi

#### \*\* PWOGRAM LEKÒL DISTRI 75 YO, OTÒN 2007

\*Mèkredi, 7 novanm 2007 – Aswè

Jedi, 8 novanm 2007 – Apremidi

#### \*\* PWOGRAM LEKÒL DISTRI 75 YO, PRENTAN 2008

\*Lendi, 31 mas 2008 – Aswè

Madi, 1ye avril 2008 – Apremidi

\* Lekòl yo ka chwazi fè reyinyon aswè yo dat ki diferan ak sa ki nan lis sa yo. Dat ak lè y ap chazi yo dwe fezab pou paran yo ka patisipe. Yo pa dwe kòmanse tcheke prezans anvan 5è30 pm pou akomode orè travay paran yo, epi yo dwe mete enfòmasyon an nan dosye. Yo dwe voye avi ba paran yo kat semèn alavans. (Lè l nesesè, yo dwe tradui avi yo nan lang ki repranzante popilasyon lekòl la.) Yo pa dwe **ranvwaye tout dat reyinyon apremidi yo**. Yo dwe raple tou ke li obligatwa pou reyinyon k ap fèt **aswè** yo **dire dezèdtan edmi**. N ap raple direktè yo pou mande prezans anplwaye anchaj sekirite yo omwen yon semèn anvan reyinyon diswa yo. Pou Pwogram Prematènèl ki dire demi jounen ke yo òganize nan lokal lekòl piblik yo, al gade Seksyon 6 ki pi ba a.

\*\* Pwogram lekòl Distri 75 ki fèt nan lokal yon lekòl ki pa nan Distri 75, dwe akomode yo ak dat reyinyon apremidi ak diswa paran-pwofesè yo nan sistèm lekòl la jan l endike pi wo a. Òganizasyon endepandan Distri 75 yo dwe konfòme yo ak dat reyinyon apremidi ak diswa paran-pwofesè yo ki nan lis pwogram lekòl Distri 75 yo (al gade pi wo a).

**Lòt remak :** Lekòl ki gen klas ki gen plis pase yon nivo ansèyman ( primè, presegondè, segondè) dwe gen yonn nan seri dat yo nan dosye yo anvan kòmansman ane lekòl 2007/08 la.

#### 4. YO PA P FÈ AKTIVITE KI TA DWE FÈT NAN SWARE JEDI, 25 OKTÒB 2007 AK JEDI, 3 AVRIL 2008

Y ap anile aktivite yo ta dwe fè nan pwogram Edikasyon pou granmoun k ap kontinye fòmè tèt yo nan lekòl kote y ap òganize reyinyon aswè yo.

#### 5. PWOSEDI TRANSPÒ POU REYINYON APREMIDI YO

Yo pran dezèdtan nan lè lekòl la pou entèvyou paran-pwofesè k ap fèt apremidi yo. Jeneralman, yo ranvwaye elèv yo pandan peryòd dezèdtan sa a.

Yo dwe bay elèv ki nan klas regilye yo otobis dapre orè ranvwa yo. Yo dwe ranvwaye elèv yo twazèdtan anvan lè nòminal yo ta sipoze ranvwaye yo pou jou a.

Yo dwe fè aranjman apwopriye pou chanjman nan transpò, ak nan orè manje midi, epi pou enfòmè paran yo.

#### 6. ORÈ PWOGRAM MATÈNÈL DEMI JOUNEN YO NAN LOKAL LEKÒL PIBLIK

Kanta dat pou reyinyon **apremidi** paran-pwofesè yo, prensip yo ap menm ak ane anvan yo. **Nan dat yo fikse pou randevou apremidi pandan sezon OTÒN** lan avèk elèv nan pwogram apremidi yo ki p ap gen pou patisipe lekòl jou sa a, elèv ki nan pwogram maten yo dwe patisipe nan sesyon maten an. **Nan dat yo fikse pou randevou apremidi pandan sezon PRENTAN** an avèk elèv ki nan pwogram maten yo ki pa p gen pou patisipe lekòl jou sa a, elèv ki nan pwogram apremidi yo dwe patisipe nan sesyon maten an. Sesyon y ap fè nan sezon otòn ak prentan yo dwe dire menm kantite tan. [Pwogram prematènèl inivèsèl *Universal PreKindergarten* (UPK) k ap fonksyone dapre yon kontra nan lokal òganizasyon kominotè *Community Based Organization* (CBO) yo, kit a tan plen kit a tan pasyèl, dwe konfòmè yo ak kalandriye yo soumèt ba minisipalite yo dapre egzijans kontra yo a.)

#### 7. RAPÒ SOU REYINYON PARAN-PWOFESÈ POU 2007/008

Nan fòm ki vin avèk avi sa a, direktè yo dwe voye enfòmasyon nou mete pi ba yo ba Darlene Sanchez (dsanche2@schools.nyc.gov) nan Biwo pou angajman ak defans fanmi *Office for Family Engagement and Advocacy* (OFEA) :

- 7.1 Kantite paran ki te patisipe nan reyinyon apremidi ki te fèt ann otòn yo.
- 7.2 Kantite paran ki te patisipe nan reyinyon aswè ki te fèt ann otòn yo.
- 7.3 Kantite paran ki te patisipe nan reyinyon apremidi ki te fèt an prentan yo.
- 7.4 Kantite paran ki te patisipe nan reyinyon aswè ki te fèt an prentan yo.
- 7.5 Kantite kanè yo te distribye ba paran yo anvan jou reyinyon paran-pwofesè ki te fèt nan otòn lan.
- 7.6 Kantite kanè yo te distribye ba paran yo anvan jou reyinyon paran-pwofesè ki te fèt nan prentan an.
- 7.7 Kantite kanè yo te distribye ba paran yo jou reyinyon paran-pwofesè ki te fèt nan otòn ak prentan yo.

Direktè yo dwe voye ba OFEA enfòmasyon sou sezon otòn lan nan dat **Vandredi, 14 desanm 2007** pou pita, epi enfòmasyon sou sesyon prentan an **Vandredi, 9 me 2008** pou pita. Yo fèt pou konsève enfòmasyon sa yo nan dosye.

Pou kesyon konsènan transpò pou timoun prematènèl, lekòl yo dwe telefone nan 718-482-3800. Pou w poze tout lòt kesyon konsènan transpò elèv, lekòl yo dwe telefone 718-392-8855.

Pou kesyon ki gen pou wè avèk pwoblèm piblikasyon ak Rapò sou prezans pou peryòd *Period Attendance Report* (PAR) la, sekretè pou Kontabilite elèv ak anplwaye ki responsab prezans elèv dwe kontakte branch pa yo nan Seksyon PAR la. Pou pèsònèl lekòl la pi byen kominike avèk yon paran ki pa pale angle byen *Limited English proficiency* (LEP) oswa yon paran ki pa pale angle ditou, li dwe telefone Divizyon tradiksyon ak entèpretasyon Depatman Edikasyon nan 718-752-7373 ekstansyon 4 pou mande sèvis entèpretasyon pa telefòn pandan reyinyon paran-pwofesè k ap fèt apremidi ak aswè yo. Sèvis sa yo ap dispinib jiska 8è30 pm jou y ap fè reyinyon aswè yo.

Yo dwe poze OFEA tout lòt kesyon konsènan *memorandum* sa a nan (212) 374-2323.

Mesi pou kolaborasyon w.

W ap jwenn ak avi sa a : Rapò sou fomilè Reyinyon paran-pwofesè pou 2007/08



# THE NEW YORK CITY DEPARTMENT OF EDUCATION

JOEL I. KLEIN, *Chancellor*

OFFICE OF THE CHANCELLOR  
52 Chambers Street - New York, NY 10007

## Report on 2007-2008 Parent-Teacher Conferences

**Directions:** Please complete this form and forward to Darlene Sanchez ([dsanche2@schools.nyc.gov](mailto:dsanche2@schools.nyc.gov)) at the Office for Family Engagement and Advocacy or fax: 212-374-0138). The due dates are Friday December 14, 2007 for the Fall Term report, and Friday May 9, 2008, for the Spring Term Report. For questions, please contact the appropriate School Support Organization or the Office for Family Engagement and Advocacy at 212-374-2323.

School DBN: \_\_\_\_\_

Principal: \_\_\_\_\_

Reporting Period (Circle one): Fall Spring

Grade Level (Circle one): Elementary Middle High K-8 K-12 Other \_\_\_\_\_

Total Student Enrollment: \_\_\_\_\_

Date of Afternoon Conference: \_\_\_\_\_

Date of Evening Conference: \_\_\_\_\_

Number of parents/caregivers in attendance for afternoon conferences: \_\_\_\_\_

Number of parents/caregivers in attendance for evening conferences: \_\_\_\_\_

Number of ENGLISH report cards distributed before the conference date: \_\_\_\_\_

Number of ENGLISH report cards distributed on the conference date: \_\_\_\_\_

Number of TRANSLATED report cards distributed before the conference date: \_\_\_\_\_

Number of TRANSLATED report cards distributed on the conference date: \_\_\_\_\_

(Translated report cards for all grads are available on the DOE's Intranet at  
<http://www.nycboe.net/AdminOrg/Offices/TeachingLearning/ReportCards.aspx>)